



NYC Housing
Recovery
212-615-8329
housing@recovery.nyc.gov
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

F4

FÒMILÈ KONSANTMAN AK DECHAJ POU ASIRANS

Enstriksyon sou kisa pou ou fè: Se pou ou ranpli fòmilè sa a pou pèmèt minisipalite Vil New York lan (“Vil lan”) pataje enfòmasyon pèsònèl ki pa piblik sou oumenm, tout moun ki abite nan kay ou epi tout pwopriyete kay lan avèk ajans epi konpayi pou yo kapab trete aplikasyon ou an. Ou kapab sispann akò sa a nan nenpòt moman. Sepandan, si ou sispann akò an, Vil lan pap kapab okipe aplikasyon ou an.

PA gen nesite pou ou siyen fòmilè sa a devan yon notè.

Mwenmen (Demandè) bay konsantman mwen avèk papyè sa a epi otorize Vil lan (avèk anplwaye li, asosye li, filyal li, ajan li, kontraktyèl li epi konsesyonè chak ladan yo), kòm yon pati nan aplikasyon mwen nan Pwogram Build it Back lan (“Pwogram lan”), pou yo mande, aksede, analize, revele epi pataje nenpòt epi tout enfòmasyon (enfòmasyon pèsònèl ki pa piblik – *Nonpublic Personal Information* – “NPI”) resevwa konsènan aplikasyon mwen pou Pwogram lan, kelkeswa si se mwenmenm ki bay enfòmasyon sa yo nan aplikasyon mwen oubyen si se mwenmenm ki bay yo yon lòt jan, oubyen lòt tyès pati ke mwen kapab konnen oubyen pa konnen, epi sèlman lè sa nesese oubyen swetab, selon sèl diskresyon Vil lan, pou yo fè yon detèminasyon final sou elijibilite pam pou Pwogram lan epi ki montan asistans lan pral monte. Mwenmenm, kòm Prensipal Demandè, bay otorizasyon pou divilge enfòmasyon sou tout moun kap viv nan kay lan epi tout pwopriyete kay lan pou respekte egzijans sou elijibilite avèk benefis Pwogram lan. Selon sa mwen konprann epi rekonèt, lè gen enfòmasyon ki revele o non vil lan oubyen bay Vil lan epi moun oubyen antite yo ki fè divilgasyon sa yo pap responsab pou nenpòt fo enfòmasyon oubyen omisyon ki ta gen nan divilgasyon enfòmasyon sa a, epi mwen dakò pou mwen bay Vil lan epi lòt antite oubyen moun ki revele enfòmasyon dechaj kont tout reklamasyon, aksyon, pouswit nan lajistis oubyen nenpòt lòt pwosedi, epi nenpòt ak tout pèt, jijman, domaj, depans oubyen lòt kou (e sa gen ladan l frè ak debou ki rezonab pou konsèy avoka), ki prezante akòz de oubyen ki gen nenpòt rapò avèk divilgasyon yo fè an.

Nan Konsantman sa a, mwen bay otorizasyon tou pou nenpòt epi tout enstitisyon finansyè, enstitisyon ki prete moun lajan, konpayi asirans, ajans gouvènman (federal oubyen Eta), biwo kredi, founisè sèvis finansye, oubyen nenpòt lòt tyès pati, divilge nenpòt nan NPI mwen yo ki tan nan posesyon yo bay Pwogram lan, selon sa ki nesese oubyen swetab, a sèl diskresyon Pwogram lan, pou pèmèt Pwogram lan administre Pwogram lan epi okipe de aplikasyon mwen an.

Mwen konprann epi rekonèt Vil lan kapab obteni, itilize epi revele nenpòt NPI li resevwa nan investigasyon li fè sou aplikasyon mwen an avèk tyès pati, tankou pa egzanp sa ki site pi wo yo,

FÒMILÈ KONSANTMAN AK DECHAJ POU ASIRANS

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

selon sa ki nesèsè oubyen swetab, a sèl diskresyon Vil lan, pou detèmine finansyèman elijibilite mwen pou Pwogram lan epi ki montan asistans ki gen anba Pwogram lan.

Konsantman mwen sijè pou li revoke oubyen sispann nenpòt lè avèk yon avi alekri Vil lan resevwa. Mwen konprann epi rekonèt tou nenpòt revokasyon Konsantman an konsa kapab afekte kapasite mwen pou mwen resevwa asistans anba Pwogram lan.

Lè mwen ranpli epi siyen fòmilè sa a, mwen rekonèt epi dakò avèk tout sa ki ekri pi wo la a, epi mwen dakò Konsantman an kapab sikile nan non mwen bay nenpòt enstitisyon finansyè, enstitisyon ki prete moun lajan, konpayi asirans, ajans gouvènman (federal oubyen Eta), biwo kredi, founisè sèvis finansye oubyen lòt tyès pati.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache) Siyati Dat

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè adisyonèl (Non an Lèt Detache) Siyati Dat

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè adisyonèl (Non an Lèt Detache) Siyati Dat

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè adisyonèl (Non an Lèt Detache) Siyati Dat

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè adisyonèl (Non an Lèt Detache) Siyati Dat

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè adisyonèl (Non an Lèt Detache) Siyati Dat